

What's new

KEMH TESTING

Pakaitwa ma test 1660 pakaonekwa pasina ane Covid mumazuva makumi mapfumbamwe apfuura.

MITEMO MITSVA YEKUZVIPARADZANISA NEVAMWE YAKAISWA KUNE VANHU VACHANGO SVIKA MUFALKLAND ISLANDS.

Kutevedzera kuuya kwemitemo mitsva yekuzviparadzanisa nevamwe magwaro matsva achaiswa Kupa yambiro yekuti vanhu vanga tevedzera sei mitemo iyi.

Mutemo unoti munhu wese achangosvika muFalkland Islands anofanirwa kugara kwake ega kwemazuva gumi nemana. Mitemo yekudzivirira hutachiwona kuti husapararire yakaiswa neve Infectious Diseases control. (coronavirus; quarantine) (Regulation 2020) Zvinodikanwa pakugara wega kure nevanhu zvinonekwa nemapurisa kuti zvakateedzerwa. **Kana ukasaita zvinodiwa inenge iri mhosva yekuti munhu anofanirwa kubvisa £2 000 kana kugara Mujeri kwemwedzi mitatu.** Kuti ukwanise kuita zvinodikanwa unofanirwa kuva nepekugara panoita kuti ukwanise kuzviparadzanisa nevamwe.

Pane zvauno fanira kutarisa kuti ukwanise kuziva kuti pauri kuda kugara panoita here kuti uzviparadzanise nevamwe :

Kana uchigara wega , zviparadzanise nevamwe uri kumba kwako

Kana uchigara nevamwe uye uchikwanisa kunyatso kuzviparadzanisa nevamwe vaunogara navo , unofanirwa kugara kumba kwako uchizviparadzanisa nevamwe. Kunyatso gona kuzviparadzanisa nevamwe zvinoreva kuti unofanirwa kugara kure nevamwe vari mumba mako:

- Kukwanisa kuva nepekurara nepekugezera pakasiyana nevamwe vaunogara navo.
- Kukwanisa kugara zvinhambwe zviviri (2 metres) kure nevamwe vanhu vari mukamuri imwe chete newe.
- Kushambidza pese pawabata.

Kana uchigara nevamwe pamba pako uye usinga kwanise kunyatso zviparadzanisa zvakakodzera nevanhu vaunogara navo, unokwanisa ku:

Taura neve FIG avo vanokwanisa kukubatsira nekukupa pekugara pakakodzera kune avo vanofanirwa kuzviparadzanisa nevamwe.

Kana kuti :

Kana mukasarudza mese semhuri kuti mugare mese uye usinga kwanise kunyatso zviparadzanisa nevamwe vari mumba mako, munofanirwa kuti muzvidzivirire kubva ku shamwari ,hama uye nevari munharaunda munofanirwa kutevera mitemo yekuzviparadzanisa nevamwe mese semhuri, munofanira kuzviparadzanisa nevanhu kwemazuva gumi nemana.

Nhau iyi iri kuburitswa pamwe chete nekutsigirwa negwaro rakabva kwaChief Medical Officer rinopa nhungamiro maererano nekuzviparadzanisa nevamwe kumba.

ZVEKUITA KANA UCHIRWARA

Ve KEMH vanoda kurangaridza vanhu vese kuti kana ukaita flu kana kupisa muviri (cold) chero chirweche gastrointestinal unofanirwa kugara mumba,usaenda kubasa kana kuchikoro

Kana usiri kunzwa zvakana vechero chirewere chakatekeshera , veKEMH vanokukurudzira kuti uvafonere pa 28000 asi USAENDA kuchipatara. Vanoshanda ikoko vanokubatsira uye kukupana mazano parunhare. Rangaridzo ye zviratidzo zve COVID-19 ndeizvi:

Zviratidzo zve COVID-19 ndeizvi :

- Kukosora kana kuwedzera kukosora
- Kupisa muviri
- Kutadza kufema
- Kurwadziwa pahuro
- Kuhetsura nekubuda madziwa
- Kutadza kunhuwidza kana kutadza kunzwa taste yezvinhu

Zviratidzo izvi hazvireve kuti utori nehutachiwona hwe COVID-19. Zviratidzo zve COVID-19 zvakafana nezve zvimwewo zvirwere zvinozivikanwa senge flu.

SUPPORT SCHEME CLARIFICATION (Tsanangudzo yechirongwa chekubatsira vanhu)

VE FIG vari kuziva nezve mibvunzo iri kubvunzwa nevanhu maererano nerubatsiro rungakwanise kupiwa kune vashandi/vashandirwi/ nevano zvishandira. Kana vanhu vataurirwa neve KEMH kuti vagare kure nevamwe uye vakamirira kuti maswab avo ari kuratidza kutii.

Ve Treasury vanofara kuzivisa vanhu kuti vacharamba vachipa rubatsiro rwemari kune avo vakafanirwa vari pasi pe job retention “furlough” scheme uye income supplement scheme kune avo vano zvishandira.

Kana uchida Yambiro yekuti unokwanisa kuwana rubatsiro here kana kuti ungawana sei rubatsiro, bata ve treasury paemail yavo yekuti treasury.support@sec.gov.fk

SURVEY ON RESPONSE TO COVID-19

Hurumende yeFalkland Islands inoda kurangaridza veruzhinji nezve ongororo (survey) iri kuitwa kuti vakwanise kuwana maonero evanhu vari munharaunda kuti vaone kuti COVID-19 iri kukanganisa sei hupenyu hwevanhu. Tinoda kunzwa zvamunofunga kubva kwamuri kuti tikwanise kuziva zvekuita kana pakaita rimwe dambudziko (outbreak), tibatsirane kuti tikwanise kuziva zvekuita zvakakodzera. Uye kuti tinzwise uye tione nekuziva zvazviri kukanganisa muupenyu hwevanhu.

Kubatsira kuti tikwanise kubatanidza maonero evanhu vakawanda, hurumende yakakwanisa kubuditsa ongororo (survey) kuti vakwanise kuona kuti covid-19 yaka kanganisa hupenyu hwako sei.

Survey iyi iri kuitwa kuti iti ratidze nekutipa statistical data, zvisinei kana uine zvekutaura zvaunoda kuti zvizivikanwe vabate pa email yavo inoti pa.desis@sec.gov.fk. Hatisi kungo tarisa nekumirira survey, mumavhiki ano tevera kuchaitwa maworkshop nevanhu ve munharaunda vakasiyana siyana uye vema bhizimusi kuti tinzwe zvavano fungawo.

Zvese zvichabuda zvichashandiswa kubatsira kuti :

- Kunzwisisa kuti ndepapi pakanyanyo kwakanganiswa nedenha re COVID-19 uye ndiyani akanyanyo kanganiswa nayo.
- Kuedza kugadzira matambudziko awaka sangana navo nekuda kwezvakaikwa neHurumende panguva iyi.
- Kugadzirisa zvatingaite kana njodzi yekubata covid-19 ikawedzera muno muFalkland Islands.

Mibvunzo yesurvey inenge iripo kusvika musi wechishanu musiwa 7 August:

- Online kana kutora pa www.fig.fk/covid-19/survey
- Kana kuti unogona kumaona ku Post Office, KEMH, West Store, Chandlery, Leisure Centre and Community Library

Kana uchida mapepa e survey iri mu Spanish, Filipino kana muchishona, unofanirwa kutibata.

Kana uchida kuenda ku workshop ye munharaunda kana uchida kutiudza zvaunofunga tichionana, tsvaga PA kuna Director of Emergency Services, Rhiannon Didlick-Smith on pa.desis@sec.gov.fk Kana 27230 musi wechishanu 31 July usati wasvika.